

Flanbo Verite A

**PÈLEN
DÝAB LA**

(Gade istwa sa a nan paj 13)

Mas - Avril 2020 | Volim 10 Nimewo 2

Jounal sa a pa pou vann

TAB MATYÈ

Editorial	3
Ki Moun Bondye Ye ? #3 Diyete Lavi	4
Istwa Kouvèti a	13
Yon Nouvo Kè	16
Seksyon Paran Apèl pou Monte Leson 9c	17
Istwa Biblik Bèje ak Moun Saj yo	18
Istwa Mati Yo Andre—Lanne 70 Apre Kris	23
Seksyon Jenn Chemen Li te Chwazi a Chapit 1c	25
Seksyon Timoun Yon Bon Non	31
Aktivite Timoun	34
Devan Ou	Kouvèti Dèyè

Komite

Direktè

Dale E. Heisey
Duane Nisly
Mark Yoder
Paul Schrock
Antonio Valverde
Jesús Villegas
Sanford Yoder

Edite

Duane Nisly
Pete Garber

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15
Pital de San Carlos
Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se
Publicadora La Merced, ki
sitiye nan Santa Rita de
Rio Cuarto, Costa Rica, ki
pibliye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCED se yon konpayi
k'ap pibliye liv nan yon bi
pou yo pwopaje Levanjil
la. Yo pa fè sa pou lajan.
Okontrè, yo fè sa pou yo
pwopaje bon jan doktrin
biblik dapre kwayans
Anabatis yo, epi yo fè sa
pou sila yo k'ap resevwa
literati sa yo kapab jwenn
bon konsèy pratik pou
aplike nan lavi yo.

Desen Kouvèti a :
Randall Nisly

Editorial

Chè lektè :

Yon bon zanmi m' ki se yon pastè gentan fè plis pase yon mwa nan prizon. Li nan mitan yon bann prizonnye leta akize pou tout kalite krim. Pastè a pa nan prizon poutèt yon mal li fè. Li nan prizon poutèt amou li genyen pou Senyè Jezi Kris. L'ap bwè prizon paske li te santi direksyon Bondye pou li ede yon fanm ki te repanti. Fi a t'ap viv nan omoseksyalite oparavan. Li te kite sa lè li te pran angajman pou swiv Kris. Leta te vle mete pitit fi madanm lan nan men ansyen patnè li (yo te separe apre madanm lan te vin konvèti). Pastè a te bay kout men nan ede madanm lan sove kite peyi a ansanm avèk pitit fi l' la. Poutèt aksyon sa a, poutèt li te pwoteje yon manman ak pitit fi l' la, yo te trennen li devan yon jij kote yo deklare li te konplis nan yon zak kidnapping entènasyonal.

Men yon deklarasyon pastè a te fè : « Mwen pral nan prizon jodi a paske lafwa yon dam fè kolizyon avèk sosyete modèn lan. Anviwon douz (12) ane pase, madam sa a te vin konsyan Jezi Kris te ase pisan pou delivre li anba peche l' yo. Jezi te transfòme lavi madam sa a nèt. Pandan ane yo ki t'ap pase, fi a te fè tout efò pou l' swiv Senyè a, pou li swiv pwòp konsyans li. Apre yon tan, li te anfas yon reyalite kote li tapral pèdi pitit fi l' la, pitit fi li te pote nan vant li. Li te wè sèlman de (2) wout devan li : swa li koube devan nouvo lòd sosyal la, oswa li rete fidèl devan lafwa moral Bondye te etabli a. Li te chwazi dezyèm lan. Li te kouri kite peyi a ansanm ak pitit fi l' la pou li te ka leve timoun lan nan libète relijye, selon direksyon Bondye bay la, epi selon sa lafwa li ak konsyans li t'ap egzije l'. Isit, nan prizon an, mwen santi mwen beni dèske mwen kapab sipòte madam sa a pandan l'ap chache verite ak libète tout bon an. Genyen plizyè bagay yo pa ka fèmen andedan yon sèl prizon... verite a, konsyans moun, jistis moral, epi Bòn Nouvèl Jezi Kris la. »

Apre deklarasyon sa a, pastè a te chwazi kèk pawòl egzòtasyon ki pou mete bout nan temwanyaj li a. Mwen vle pataje pawòl sa yo avèk nou jodi a : « Chè kwayan, nou nan yon gè kont tirani Satan an. Men, toujou sonje sa Pòl te di : « Zam m'ap sèvi nan batay m'ap mennen an, se pa menm ak zam moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn yo. Zam mwen se zam ki gen pouvwa devan Bondye pou kraze tout gwo fò » (2 Korènt 10.4). Zam nou an se kwa Kris la. Se lajwa nan mitan soufrans, epi se renmen pou lènmi nou yo. « Paske, mwen p'ap konsidere bagay moun wè, men bagay moun pa wè. Sa moun wè, se bagay ki pa la pou lontan, men sa moun pa wè, se bagay ki la pou tout tan » (2 Korènt 4.18). Jezi ap renye ; Wayòm Li a se pou toutan. Epi Li va retounen talè konsa. »

Chè lektè, se difisil pou n' konprann kijan yon sosyete gentan rive nan bout kote li rive a. Se doule ki nan kè m' lè m' sonje frè mwen ki oblije pèdi libète, ki oblije separe ak fanmi li, epi k'ap souffri yon bann lòt bagay ankò apre sa. Men, nou pa dwe sezi lè bagay konsa rive. Se pou nou gade byen pou n' asire nou kanpe fèm sou Wòch Solid la, konsa lè prèv yo vini pou nou, n'ap kapab montre menm fidelite sa a anvè Senyè nou an... menmsi sa koute nou tout bagay.

Dwann Nisli



#3 Diyite Lavi

Yon Kilti Ki Fikse Sou Lanmò

Diyite lavi se yon bagay k'ap disparèt nan lemond kote n'ap viv jodi a. Yon fenomèn kèk moun renmen rele « kilti lanmò a » sanble l'ap grandi pi plis dejouvanjou. Men youn nan pozisyon yo ki fondamantal pou « kilti lanmò a » : Lòm genyen dwa deside kijan l'ap mouri epi kilè l'ap mouri. Yo di lòm se granmoun tèt li, epi konsa desizyon lanmò a se afè pa l' li ye. Lide sa yo se filozofi imanis la nan dènye degre l'.

Avèk èd Bondye, nou vle egzaminen filozofi sa a k'ap fè fas avèk nou jounen jodi a. Nou vle konprann kijan pozisyon mekanste sa a atake tout prensip yo Kreyatè a te etabli pou kreyasyon Li.

Divès Aspè Ki Genyen Nan Kilti Lanmò a

Avòtman

Nan peyi Etazini, moun k'ap kontwòle bagay sa yo fè nou konnen genyen senkant-senk (55) milyon bebe yo avòte nan peyi a depi lanne 1973. Pou ede nou konprann chif sa a, ann konpare l' avèk popilasyon kèk peyi. Senkant-senk (55)

milyon moun depase popilasyon peyi Gwatemala, peyi Ondiras, peyi Salvadò, peyi Nikaragwa, peyi Kostarika, epi peyi Panama tout ansanm. Epi senkansenk (55) milyon bebe sa yo ki pèdi lavi yo depi nan vant manman yo se sèlman andedan peyi Etazini ; anpil lòt peyi gentan deklare zak sa a legal. Menm nan peyi Lamerik Latin yo kote avòtman pa legal, ou ka twouve anpil klinik k'ap fè avòtman an kachèt.

Dejouwanjou, lemonn pi fasil asepte pratik sa a kote yo asasine yon bebe inosan depi nan vant manman l'. Pou jan teknoloji avanse, doktè yo jodi a gen kapasite pou yo sove anpil tibebe ki fèt anvan tèm. Pandan y'ap sove yon pòsyon, y'ap fè operasyon pou touye yon lòt pòsyon ki nan menm nivo devlopman an. Poukisa yo fè gwo efò pou sove youn pandan y'ap touye lòt ?

Doktè Ki Ede Pasyan Touye Tèt Li (Swisid Asiste)

Anviwon vennsenk (25) ane pase, plizyè peyi te kòmanse dakò pou yon moun mande doktè l' pou li ba l' yon preskripsyon ki va pèmèt li mete fen nan pwòp lavi pa l'. Lide a te kòmanse avèk moun ki te malad grav epi nan gran souffrans. Yo te wè l' kòm soulajman. Jodi a, genyen moun ki pwofite itilize menm metòd sa pou mete fen nan lavi yo menmsi yo nan bon sante. Yo pè vin granmoun, epi yo deside mete bout nan pwòp lavi pa yo a konsa konsa.

Nan peyi Etazini, yon doktè ki te rele Dr. Jack Kevorkian (yo te konn rele l' Doktè Lanmò) te kòmanse rann sèvis sa a pou moun malgre bagay konsa pa t' legal nan peyi a. Li te admèt li te gentan ede plis pase 130 moun touye tèt yo depi li te kòmanse rann « sèvis » sa a nan lanne 1990. Leta a te kondane doktè a pou l' fè dis (10) jiska vennsenk (25) ane nan prizon paske ak pwòp men l' li te bay medikaman yo, epi sa k' pi mal toujou, li t'ap filme tèt li pandan li fè sa. Apre wit (8) ane nan prizon, yo te lage l' avèk kondisyon li pa konseye moun fè swisid, ni li pa patisipe nan bagay konsa. Yo pa t' dakò pou li prezan si yon moun t'ap fè sa. Yo pa t' dakò pou li pale ak moun sou sijè sa a. Doktè a te mouri nan lanne 2011. Men, poutèt enfluyans pa li ansanm ak yon bann lòt moun ki te wè bagay yo menm jan avè l', lemonn te gentan chanje direksyon. Jodi a nou wè lemonn ap glise desann sou yon pant. Nan peyi Etazini, deja genyen senk (5) depatman ki gentan vote pou di yo dakò si yon doktè vle ede yon moun touye tèt li.

Yon jounal ki rele USA TODAY te pibliye istwa yon mis nan peyi Angletè ki rele Gill Pharaoh. Mis la te deklare fòk li genyen dwa touye tèt li. Leta Angletè a pa t' dakò. Konsa, mis la janbe fwontyè pou li ale nan yon klinik nan peyi Laswis ki konn ede moun touye tèt yo. Nan peyi Laswis, pratik la vin tèlman popilè yo gentan vini ak

yon non espesyal pou moun yo k'ap antre nan peyi a pou sa menm. Yo rele yo « touris swisid. » Sèl rezon mis la te ofri pou esplike poukisa li te anvi touye tèt li se paske li pa t' vle vin granmoun, li pa t' vle fè fas ak pwoblèm ki genyen lè ou avanse nan laj.

Moun toupatou kòmanse dakò ak lide sa a ki di yon moun genyen dwa mete fen nan lavi li legalman. Jan lide sa ap mache ak yon vitès se yon bagay ki pou twouble nou. Dejouwanjou pòt la ap ouvri pi laj pou moun deside kijan epi kilè yo vle mouri.

Touye Moun Pou Evite Soufrans – (Etanazi)

Pafwa « touye moun pou ede yo evite soufrans » vin mele avèk « swisid asiste. »¹ Etanazi fèt lè se yon lòt moun ki poze aksyon an, swa avèk yon piki osinon yon lòt metòd, avèk entansyon pou mete fen nan lavi moun lan. Etanazi kapab volontè osinon envolontè. Poutan, swisid asiste se moun lan pou kont pa li ki regle afè l'.

Andedan sa nou rele etanazi ou ka jwenn ka kote moun anlè yo kòmanse deside mete fen nan lavi yon moun, paske moun lan genyen pwoblèm mantal osinon pwoblèm fizik. Moun anlè yo ka annik deside Entèl pa yon benefis pou sosyete a, epi yo deside elimine li pito. Nan lanne 1939 epi 1940, anba lòd Adolf Hitler nan peyi Almay, yo te sèvi ak etanazi pou elimine anviwon 70 000 moun avèk defo fizik oubyen maladi. Nazi yo te annik klase yo kòm « moun ki pa merite viv, » epi yo te toufe lavi yo tout nan divès lopital nan peyi a. Malerezman, vye pratik sa a pa t' disparèt ansanm avèk Nazi yo nan peyi Almay.

Nan peyi Peyiba, yo te legalize etanazi volontè nan kòmansman syèk sa a. Kounyeya, moun yo nan peyi sa a gen dwa chwazi lanmò depi yo bouke viv. Nan yon peyi ki genyen sèlman disèt (17) milyon moun konsa, chak ane anviwon 4 829 moun chwazi mouri pa etanazi. Sa vle di, nan chak ventwit (28) moun ki mouri nan peyi sa a, genyen youn ki fè sa volontèman.^{2, 3} Pi mal toujou, jenn moun genyen dwa

1. Genyen de (2) fason doktè konn ede moun mouri. Youn se swisid asiste. Lòt la se etanazi. Diferans lan se nan ki degre doktè a enplike. Swisid asiste se lè doktè a mete bagay disponib pou pasyan an touye tèt li. Pasyan an deside si li vle fè sa, epi lè li vle fè sa. Pou etanazi, doktè a jwe yon wòl aktif nan afekte lanmò selon direksyon pasyan an. Souvan se doktè a ki bay yon piki pou sa. Swisid asiste peze mwens sou konsyans doktè a. Se paske li pa lakòz mò a dirèkteman. Li annik mete yon seri bagay disponib pou pasyan an fè sa li deside fè avèk yo.

2. Nan Peyiba, yon peyi ki toujou devan nan yon seri mouvman liberal, etanazi se yon bagay y'ap fè depi kèk tan, menm si lalwa a pa fin pale klè sou sa.

Nan lanne 1984, pi gran tribinal la nan peyi a te deklare etanazi se yon zak aseptab li ye, depi doktè yo jere l' avèk bon jan prensip. Malgre sa, selon lalwa sivil la, yon doktè ki patisipe nan bagay konsa te ka koupab.

Nan lanne 2000, Palman peyi a te vote pou rann etanazi legal konplètman. Peyiba se te premye peyi a ki te fè sa.

Moun ki fò nan sa estime genyen swasant (60) pousan nan lanmò sa yo ki pa menm anrejistre. Malgre sa, dosye leta yo montre se te 2 216 moun nan peyi Peyiba ki te mouri konsa sèlman nan lanne 1999. Pifò t'ap soufri kansè.

Moun ki soutni pozisyon sa a di se bon kè ki fè yo dakò li. Yo dakò pou malad la mete fen nan soufrans li, epi pou li mouri ak diyite lè pa genyen espwa ankò. Yo fè konnen medikaman egziste kote moun fè moun rete vivan prèske san fen... menmsi yo nan vye eta mizerab epi san okenn espwa refè. Anpil moun ki etidye etik di se yon mal ou fè si ou kontinye pwolonje lavi yon moun si lavi li se doulè ak mizè ase.

3. Peyiba, premye peyi ki te rann etanazi legal : Mwa pase, Peyiba te devni premye peyi a ki legalize etanazi-volontè. Selon nouvo lwa yo, yon doktè p'ap koupab si li tèmine lavi yon moun depi li gen konviksyon moun lan mande lanmò ak tout kè li epi nan bon tèt li, depi moun lan anfas soufrans ki va ensipòtab epi san fen. Fòk doktè a mete moun lan okouran sityasyon li a. Fòk yo deside ansanm pa genyen lòt posibilite ki rezonab. Epitou, fòk yon lòt doktè ankò egzaminen ka a epi rive nan menm konklizyon an.

sa kounyeya. Yon adolesan douzan jiska kenzan ki genyen pèmisyon paran l' kapab mande lanmò. Depi jenn moun lan genyen sèzan, li kapab pran desizyon sa depi paran li yo « enkli » nan koze a (menmsi yo pa fin dakò). Poukisa n'ap fè fas avèk gran lavalas lide kwochi sa yo epi tout vye pratik kwochi sa yo jodi a ? Sa n'ap gade a se etik ak prensip ki tòde byen tòde. Yon bèl egzanp se yon ka ki te pase nan peyi Espay. Yon mis Espanyòl te tounen sòti ann Afrik paske li te enfekte avèk viris la yo rele Ebola. Se yon viris moun pè anpil anpil. Kòm prekosyon, chèf yo te deside touye chen mis la paske yo te sispèk chen an te enfekte tou. Moun te pran lari pou manifeste pou dwa chen an. Yo pa t' dakò pou chen an mouri. Sepandan, nan peyi Espay chak ane, genyen plis pase 110 000 bebe yo avòte chak ane. Sa vle di avèk chak senk (5) minit ki pase, yon bebe gentan pèdi lavi li nan men doktè avòtman yo. Y'ap touye bebe ak je chèch, epi yo pran lari pou defann dwa chen. Poukisa bagay yo tèt anba konsa ? Se rezilta lide yo k'ap travay nan tèt moun jounen jodi a.

Kwayans Detèmine Ki Direksyon Yon Moun Pran

Nou deja wè ki rezilta ki ka vini depi moun anbrase yon seri lide ki gen tandans mennen yo byen lwen. Vye panse sa yo ansanm ak vye konsekans terib yo va kontinye dejenere paske genyen ogmantasyon nan vye kwayans k'ap degaje. Sèl bagay ki ka afekte yon chanjman se si moun yo repanti pou fo kwayans yo epi retounen kote Bondye.

Kwayans Ki Te Mennen Nou Nan Kilti Lanmò Sa a :

Genyen omwen twa (3) sous oubyen twa (3) rasin k'ap pwovoke gran chanjman sa yo nan kilti modèn lan. Touletwa genyen rapò pwòch youn ak lòt, jouk nou mal pou detèmine kilès ki vini anvan epi kilès ki pi enpòtan.

1. Otonomi Pèsònèl oubyen Endepandans (Chak moun granmoun tèt li)

Lè nou pale sou otonomi pèsònèl, n'ap di chak moun se mèt egzistans pa li, epi li se mèt tout desizyon li yo. Selon filozofi sa a, chak moun chache endepandan. Ou dirije lavi ou avèk kèsyon konsa : « Kisa m' pi renmen ? Kisa ki pi fè m' byen ? Kisa ki satisfè m' ? » Pozisyon sa a kondwi moun pou yo fè sa yo pito san yo pa reskonsab devan pèsonn pou konsekans aksyon y'ap poze yo. Otonomi pèsònèl sa a gentan devni yon zidòl modèn. Kilti modèn lan ap degrengole desann rapidman paske anpil moun kouri anbrase kalite panse sa yo.

Men, Bib la genyen bagay Li di nan koze sa a. Nan 2 Timote 3.1-5 nou wè ki kote lide sa yo va mennen nou. Se Bondye ki te enspire pasaj sa a : « *Men, konnen nan dènye jou yo, tan terib pral vini. ²Paske, lèzòm ap renmen tèt yo... ⁴Y'ap renmen*

plezi pito, pase yo renmen Bondye. » Li ban nou yon lis ki pou ede nou rekonèt kijan moun ki kwè nan otonomi pèsònèl pral ye : « *Y'ap renmen lajan. Y'ap grandizè. Y'ap awogan. Y'ap denigre moun. Y'ap rebèl ak paran. Y'ap engra. Y'ap fè sakrilèj. ³Y'ap san lamou pou pwochen yo. Y'ap san pitye. Y'ap malpalan. Y'ap san kontwòl. Y'ap brital. Yo p'ap renmen sa ki byen. ⁴Y'ap trèt. Y'ap fè kòlè fasil. Y'ap gen ògèy. Y'ap renmen plezi pito, pase yo renmen Bondye. ⁵Se sou fòm sèlman, y'ap genyen devosyon pou Bondye. Men, lavi yo ap nye pisans lan...* » (Bib Kreyòl La).

Èske sa pa yon foto vye kondisyon lemond jounen jodi a ? Prèske chak òganizasyon e chak gwoup moun genyen yon bi pou yo resevwa tèl benefis. Pifò moun ta di sa ki pi enpòtan nan lavi sa a se pou ou santi plezi nan sa w'ap fè epi pou ou resevwa benefis « ou merite » pou sa ou fè a. Fokis la se satisfaksyon tèt yo anvan tout. Yo pa menm bezwen konnen kòman sa va afekte lòt yo. Zafè lòt yo ! Men, otonomi pèsònèl vle di ou retire Bondye sou pozisyon Li merite kòm Wa Souvren epi Kreyatè. Se Li menm ki genyen tout dwa pou Li di nou kijan nou dwe viv. Nou se kreyasyon L'. Li merite pou nou rete fidèl avè L'.

2. Evolisyon

Jodi a nan prèske tout enstitisyon edikasyon yo, y'ap fè ou konnen nou tout se rezilta yon gran aksidan kosmik. Avèk gwo bri epi anpil kouraj yo rechte egzistans yon Kreyatè ki se Otè tout bagay ki egziste. Yo refize asepte dwa Bondye kòm Kreyatè pou pale sou kijan nou dwe viv. Yo inyore tout prèv yo ki pale nan lanati epi ki egzije nou asepte epi kwè nan yon Èt Siprèm ki planifye epi ki jere tout bagay.

Lakay lòm genyen yon bagay. Espirityèlman nou konnen fòk genyen yon Èt Siprèm ki responsab tout bagay. Pami gwoup moun ki poko janm tande anyen ditou nan Bib la, ou ka twouve yo rekonèt egzistans yon èt siprèm kanmenm. Sa fè pati kwayans yo. Bib la fè nou konnen nan lanati nou kapab konnen Bondye egziste (Women 1.20-21). Sa vle di, nou pa mèt tèt nou pou n' mache fè sa n' pito. Nou gen responsab pou n' soumèt tèt nou devan Sila ki te fè nou, devan Bondye vivan an. Depi nou asepte teyori evolisyon an pou esplike kote nou sòti, nou rechte Bondye kòm Sila ki Souvren epi ki genyen dwa pou gouvènen lavi nou yo. Nou chavire twòn Li. Anpil moun dakò teyori evolisyon an paske se chemen sa ki pi fasil pou yo. Yo mete nan tèt yo si evolisyon se verite, yo pa gen okenn kont pou yo rann devan Bondye ki Toupan. Men sa Apòt Pòl anseye : « ***Se poutèt sa, n'ap wè kòlè Bondye sòti nan syèl la, li tonbe sou tout mechenste ak tout lenjistis moun fè. Sitèlman kè yo pa bon, y'ap chache anpeche verite a fè travay li*** »

[sila yo ki deside inyore prèv Bondye egziste]. ¹⁹*Bondye ap pini yo tou paske tou sa yo ka konnen sou Bondye parèt byen klè devan je yo. Se Bondye menm ki fè sa konsa pou yo.* ²⁰*Se vre wi. Depi Bondye te fin kreye tout bagay, tout moun ki egzaminen travay Li yo ka konprann ki kalite moun Bondye ye, bagay nou pa ka wè ak je nou : ki vle di, jan Li gen yon pouvwa ki p'ap janm fini, jan Li se Bondye tout bon. Se sa k' fè moun sa yo pa gen eskiz menm* [Ou pa oblije yon gran nèg lasyans pou ou konnen genyen yon Bondye ki te kreye tout bagay epi ki toupisan]. ²¹*Yo te konn Bondye byen pwòp, men yo pa bay Bondye lwanj ki pou Li, yo pa di L' mèsè jan L' merite l' la. Lekontrè, y'ap mete yon bann lide ki pa gen sans nan tèt yo, yo san konprann, fènwa fin plen kè yo* [Malgre yo konnen verite a, yo refize admèt egzistans Bondye pou yo pa oblije soumèt devan Li]. ²²*Y'ap mache di se moun lespri yo ye. Men, se fou yo fin fou* » (Women 1.18-22).

Ann pran yon ti moman pou n' analize kwayans moun evolisyon yo. Lè ou monte yon bis pou ale yon kote, ou byen konnen bis sa a pa egziste poutèt yon gwo eksplozyon ki te fèt nan izin kote li sòti a. Non ! Se fabrike moun yo te fabrike bis la andedan izin lan. Lè ou gade yon batisman ki lavil, li fasil pou ou imajine yon enjenyè ki te desine plan an ansanm ak bòs yo ki te poze chak blòk. Yon òlòj pa annik parèt konsa konsa. Pakèt ti pyès sa yo k'ap mache ansanm pa annik parèt epi tonbe nan plas yo sou chans jouk òlòj la kontinye di nou ki lè li ye pandan tout yon ane.

Bis la, batisman an, epi òlòj la se twa (3) egzanp kote lòm sèvi ak materyèl li twouve nan anviwònman an pou li fòme yon bagay ki itil epi ki parèt anfòm. Bib la fè nou konnen Bondye te fòme linivè a san anyen. Sa a se yon pwoblèm pou lòm depi li pa vle kwè nan yon Bondye ki chèf tout bagay, epi li pa vle kwè nan sa Bib la deklare. Anmenmtan, lòm pa ka di kote Bondye te jwenn materyèl pou li kreye linivè a. Pase pou li annik asepte sa Bib la di pa lafwa, lòm gentan fabrike yon bann teyori pou esplike egzistans linivè a. Poukisa bann teyori sa yo ? Se pa konplike. Se paske lòm pa dakò asepte reyalye sa a : Bondye te kreye tout bagay e nou va oblije rann Li kont yon jou. Se la a lòm pa dakò rive.

Kò moun pi konplike pase lòt egzanp nou te bay deja yo... ki vle di bis la, batisman an, ak òlòj la. Se vre tout bèt yo genyen lavi lakay yo tou, epi yo fè mounman, epi yo repwodwi. Men, lè Bondye t'ap kreye lòm, Li te mete lakay lòm yon lespri epi yon konsyans ki kapab fè distenksyon ant byen e mal. Epi ankò, Bondye te kreye lòm nan imaj Li, e Li te mete souf lavi a nan lòm (Jenèz 1.26 ; 2.7).

Malgre sa, depi lòm te fè rebèl kont Kreyatè li a, lòm ap toujou plede envante divès

fason pou li chape devan reskonsabilite li genyen an anvè Bondye. Apòt Pòl di konsa : « *Y'ap mache di se moun lespri yo ye. Men, se fou yo fin fou* » (Women 1.22). Depi lòm rechte Bondye ak sa Bondye revele nan Bib la (ki se sèl sous ki merite konfyans), se nòmal pou sosyete a dejenere epi degrengole desann. Se sa k'ap fèt kanmenm.

Valè nou genyen kòm moun sòti nan Sila ki te kreye nou – Bondye Toupisan an – paske nou fèt nan imaj Li. « *Bondye di ankò. Ann fè moun. N'ap fè l' pòtre ak Nou, pou li sanble ak Nou. L'a gen pouvwa sou pwason ki nan lanmè yo, sou zwazo ki nan syèl la, sou tout bèt yo gade, sou tout latè, sou tout bèt nan bwa, sou tout bèt ki trennen sou vant sou tè a.* ²⁷*Bondye kreye moun. Li fè l' pòtre ak Li. Li kreye yo gason ak fi* » (Jenèz 1.26–27).

Bondye te trase yon gran diferans ant valè yon bèt epi valè yon moun. Nan Jenèz 9.3 ak 6 nou li sa a : « *Koulye a, nou gen dwa manje tout kalite bèt vivan k'ap mache, tout kalite fèy vèt. Mwen ban nou tout pou manje. Si yon moun touye yon moun, yon lòt moun gen pou touye l' tou, paske Bondye kreye moun pòtre ak Li.* » Lòm okipe yon plas anlè pami tout kreyasyon an. Se lòm ki fèt nan imaj Bondye, epi se lòm ki te fèt pou domine sou tout rèz kreyasyon an. Poutèt sa, lavi lòm se bagay sakre, bagay ki presye. Bib la di lòm pa gen dwa mete fen nan lavi lòm parèy li. Se Bondye sèl ki genyen dwa kreye lavi epi toufe lavi. Depi lòm rechte verite sa yo, depi li refize soumèt devan Bondye jan Li devwale tèt Li nan Bib la, tout bagay pral vin pi mal pi mal. Depi lòm rechte Bib la, se tou nòmal pou n' tonbe nan yon kilti lanmò.

3. *Voye Jete Revelasyon Bondye a (Bib La)*

Depi lòm rechte otorite Bib la, se deklare l'ap deklare tèt li lib. L'ap di li pa oblije genyen anyen sou tèt li pou gouvènè li. Lòm pa vle soumèt devan lalwa diven Bondye te etabli yo. Se paske soumisyon sa a va trase yon seri limit sou otonomi pèsònèl li tèlman swaf la. Lòm santi li jennen devan lalwa yo ki di : « *Piga nou touye moun,* » « *Piga nou fè adiltè,* » « *Piga nou gen lòt Bondye pase Mwen menm sèlman,* » paske dapre lòm, lalwa sa yo vyole dwa pèsònèl li yo.

Genyen moun ki di yon kilti ki san Bondye te tankou yon mato k'ap plede kraze dènye kwayans ki pa fè li byen. Rezilta a se yon gwo vid lakay lòm ki men-nen anpil pwoblèm. Dejouwanjou peyi Lamerik Latin yo kòmanse tonbe anba enfliyans lòt peyi yo ki gentan rechte Bondye depi lontan. Se yon afè reyèl : sa ou kwè va manifeste nan sa ou fè. Nou pa kapab chape pou verite sa a. Kounyeya, ann gade byen kisa kwayans nou yo afekte :

**Sila ki kwè nan Revelasyon
Bondye a (Bib La)**

- Li kwè nan Bondye kòm Kreyatè
- Li kwè Bondye te kreye lòm nan imaj Li, epi konsa lòm genyen valè ak diyite
- Li kwè Bib la ban nou volonte Bondye pou lòm
- Li kwè lòm reskonsab devan Bondye pou aksyon li poze yo

**Sila ki rechte Revelasyon
Bondye a (Bib La)**

- Li kwè tout kreyasyon an se rezilta yon aksidan kosmik
- Li kwè lòm pa genyen valè ki inik ; Li kwè valè lòm egal ak valè bèt yo
- Li kwè lòm se bèt
- Li kwè chak moun ka fè sa yo pito epi sa ki byen ak sa ki mal sòti nan opinyon chak moun genyen

Rezilta Ki Mache Ak Yon Kilti Lanmò

Kounya la, nou ka we klè kijan yon kilti lanmò pran pye. Dabò, poutèt ògèy epi yon dezi pou otonomi pèsònèl, moun lan sezi volan lavi pa l' nan men l'. Apre sa, li rechte Bondye kòm Sila ki genyen dwa kreye yon lavi epi mete fen nan yon lavi... li sezi dwa pou li mete fen nan lavi pa l' ak nan lavi lòt yo. Alafen, li refize sou-mèt devan otorite Pawòl Bondye a, epi li bay tèt li dwa etabli pwòp moralite pa l' epi deside sa ki kòrèk ak sa ki pa kòrèk pou kont li.

Chemen sa a diminye valè lavi a genyen. Li retire nan diyite a lòm genyen devan Bondye. Kòm rezilta, chak moun ap chache sèlman sa ki bon pou enterè pa l', sa ki pa deranje libète pèsònèl li a. Selon tout istwa ki pase deja, depi kondisyon sa yo reyini sosyete a pral dejenere rapidman. Se tankou yon timoun ki desann sou yon glisad. Depi li lage kò l', li mal pou kanpe nan wout. Men yon egzanp : Kilti lanmò sa a te derape nan peyi Peyiba kòm otorizasyon pou mete fen nan lavi moun ki te nan gran soufrans epi ki te san okenn espwa. Apre sa, moun te kòmanse asepte avòtman kòm bagay nòmal. Apre sa, etanazi te vin legal pou tibebe ki fèt ak defo nan kò yo. Apre sa, yo te bay timoun douzan dwa pou yo mande lanmò depi paran yo te dakò. Moun ki genyen sèzan te ka fè l' san paran yo prèske pa ka di anyen. Aktyèlman la, y'ap mande pou leta desann laj sa yo pou moun ki pi piti toujou kapab deside mete fen nan pwòp lavi pa yo... legalman. Se glise y'ap glise. Se desann y'ap desann. Pandan y'ap desann, y'ap pran elan deplizanpli chak jou. Etanazi volontè pa twò twò lwen etanazi envolontè : kote moun ap genyen dwa elimine Entèl paske prezans li se yon fado.

Kilti lanmò a gentan pran pouvwa pou li eseye deside kilès ki gen dwa fèt epi kilès ki pa gen dwa fèt. Nan ka avòtman yo, se klè viktim lan pa jwe okenn wòl nan desizyon an. Pase pou yo pale klè pou di y'ap « seleksyone kilès tibebe yo pral touye, » yo renmen di y'ap « seleksyone kilès ki pi merite viv. » Konsa tou, moun ki merite anpil anpil swen toutan poutèt yon maladi oubyen yon kondisyon medikal, osinon moun ki annik pa vle viv ankò, yo kapab mande yon doktè kout men nan touye tèt yo. Gade pou wè. Sa pa twò lwen yon sityasyon kote leta osinon yon doktè va genyen dwa pou li deside Entèl pa merite viv ankò. Plis sosyete a ensiste sou yon « dwa pou moun mouri » lè yo vle, se plis n'ap mache anvè yon jou kote moun va gen « obligasyon pou yo mouri » depi se sa lòt yo wè ki bon pou yo. N'ap pale sou tout yon kilti kote lavi pa genyen diyite ankò. Lavi pa anyen espesyal. Se yon kilti kote yo rechte Bondye ki te kreye nou an, Bondye ki renmen nou.

Se yon sèl zam ki bon kont manti ak twonpri – se verite a. Se esansyèl pou pitit Bondye yo konnen Pawòl Bondye epi sa Pawòl la mande. Fòk nou byen konnen lalwa Bondye a pou n' ka fè fas avèk yon kilti kote lavi pa genyen diyite ankò. Fòk nou devwe konplètman pou volonte Bondye epi pou Pawòl Li, konsa pou n' pwoteje tèt nou kont manti yo k'ap mache sou moun jounen jodi a. Fòk nou konprann byen : sila ki rechte Bondye ansanm ak prensip Li yo ouvri pòt la pou tout kalite twonpri epi tout kalite bagay kwochi. Moun sa a pèdi fondasyon moralite a. Li p'ap genyen yon sans pou sa ki dwat ak sa ki vre. Li konplètman dezoryante, epi l'ap glise desann jouk li rive nan pèdisyon etènèl. Sèl bagay ki kapab sove nou lè sa a se repantans, se lafwa nan Bondye ak nan travay Jezi Kris te fè pou sove nou, se soumisyon devan direksyon Bondye a pou lavi nou. Si se pa sa, n'ap twonpe.

Nou menm, legliz Jezi Kris la, nou dwe kanpe fèm sou verite a ki nan Pawòl Bondye a. Nou ka oblije soufri lè lemonn vire do bay verite a. Sa byen posib. Èske nou dakò bay lavi nou pou verite a ? Èske nou pare si lemonn deside tout Kreyen merite mouri ? Sa te fèt deja nan istwa lemonn.

Nou gentan gade tout vye konsekans yo ki mache avèk yon kilti lanmò. Ann rete veyatif pou n' rekonèt lè kwayans sa yo manifeste kote n'ap viv la. Se enpòtan pou n' toujou sonje : depi moun anbrase fo lide sa yo, rezilta a se toujou esklavaj ak lanmò.

« *Y'ap mache di se moun lespri yo ye. Men, se fou yo fin fou* » (Women 1.22). Pandan yo mete nan tèt yo se libere y'ap libere, an reyalite se nan esklavaj yo lage tèt yo. (n'ap kontinye ansèyman sa a nan pwochen edisyon)

—Arthur Nisly




PÈLEN DYAB LA

Swivan w'ap jwenn kèk ti istwa ki devwale pyèj yo dyab la mete devan moun pou kondane nanm yo a lanfè. Plizyè mil moun chak jou ap tonbe nan pyèj sa yo san yo pa konnen ki desten ap tann yo.
—Editè yo.

Yon jou konsa, yon moun te fè yon bagay ki te kontamine manje a nan fèt lekòl la. Yon moman moun yo t'ap ri ansanm, e yon lòt moman yo t'ap rele anmwe ak vant fè mal. Yo pa t' konnen kilès ki te fè travay la. Pèsonn moun pa t' mouri, men gen detwa nan yo ki te byen malad pandan yon bon bout tan. Se te evènman sa a ki te anseye tonton m' yon bèl leson. Tonton m' rele Ewòl.

Kite m' esplike kijan sa te pase :

Tonton m', Ewòl, te prezan nan fèt lekòl sa a, men li pa t' manje. Se konsa li pa t' tonbe malad. Plizyè semenn apre sa, tonton m' te chita nan vil la ap pale ak yon zanmi. Yo te al achte manje nan yon res-toran, epi yo te sòti ak manje a pou yo chita anba yon pyebwa pou yo manje. Pandan yo t'ap manje, Tonton Ewòl te ouvri yon dyalòg sou sijè li te pi renmen an : relijyon.



Tonton m' pa t' janm ale legliz. Li pa t'ap menm fè erè pase devan pòt yon legliz. Li te toujou cho pou l' esplike moun poukisa.

« Legliz yo chaje ipokrit ! » Ewòl t'ap fè deklarasyon an pou zanmi l' la. « Yo tèlman sen nan jan yo pale, men sa se Dimanch maten ! Yo pa pratike anyen nan sa yo di pandan rès semenn lan. Si se sa ki Levanjil la, mwen pa enterese ditou. »

Tonton m' te fikse je l' sou zanmi an pou wè ki reyaksyon li t'ap bay. Malerezman, zanmi an te annik fè yon ti souri. Li di : « Ala yon bagay dwòl sa ki te rive nan fèt lekòl la, en ? »

Tonton Ewòl pa t' kontan reyaksyon an. Figi l' te chanje. Li te sezi. Li poze kèsyon : « Ki rapò fèt lekòl la genyen avèk bann ipokrit yo ? »

Zanmi an te esplike dousman : « Enben, fèt la se te yon katastwòf. Konsa, mwen p'ap janm asiste yon lòt fèt ankò jouk jou mwen mouri a ! »

Tonton Ewòl te gentan konprann. Li bese tèt li. Apre yon bon silans, li di konsa : « Bon ! Petèt mwen fèt tèt mwen travay tankou timoun lè m' di m' pa ale legliz poutèt

PÈLEN DYAB LA

ipokrit yo. Si m' konpare legliz la avèk manje a nan fèt lekòl la, m' wè bagay yo yon lòt jan. »

Jou sa a, anba pyebwa a, Tonton Ewòl vin rekonèt li te nan erè. Li te sispann defann tèt li, epi li te resi adrese bezwen espiyèl li te genyen an lakay li. Yon mwa apre sa, li te konfyè lavi li nan men Senyè a. Li pa t' vle gaspiye nanm pa li a poutèt yon seri "ipokrit" nan legliz la.

Donk, menm jan ak Tonton m', petèt ou nan chemen lanfè akòz legliz la genyen ipokrit ladan li. Li fasil pou ou rekonèt yo. Li fasil pou ou kondane « sila yo ki di yon bagay, men ki viv yon lòt. »

Ann gade byen. Poukisa pwen sa sansib pou ou ?

Bib la di konsa : « *Monchè, nenpòt sa ou ye, ou menm k'ap jije lòt moun yo, ou pa gen eskiz. Ou menm k'ap fè menm bagay ak lòt yo, se pwòp tèt pa ou w'ap kondane lè w'ap jije yo* » (Women 2.1).

Fòk ou veye akizasyon ou yo. Piga ou lonje dwèt sou lòt yo pandan lakay ou menm jan avèk yo. Vrè rezon ki fè ou refize Bondye ansanm ak pèp Li a ka rete kache dèyè bann akizasyon yo.

Admèt vre pwoblèm ou genyen an. Èske ou pa genyen kè anmè ki kache byen fon lakay ou ? Imilye tèt ou. Soumèt devan Senyè Jezi Kris. Apre sa, pandan ou ap mache jou apre jou ak fidelite nan yon asanble, epi avèk èd Sentespri a, w'ap anmezi pou ou fè fas ak ipokrizi a yon fason ki kòrèk.

Libète Kretyen... Osinon Lanmò ?

Genyen yon gwo chato ki rele Chato Chilon nan peyi Laswis. Li sitiye bò yon letan ki rele Letan Jenèv. Moun ki gentan vizite chato sa a kapab esplike yon vye bagay dwòl yo twouve andedan l'.

Nan fon chato a te genyen yon gran koulwa ki te fènwa nèt nèt nèt. Lontan, yo te konn trennen prizonye yo sòti nan sèlil yo pou lage yo nan koulwa sa a. Nan koulwa a, kote yo pa t' ka wè anyen, chèf yo te konn demare yo epi deklare yo lib. Men, pandan chak prizonye te mache annavan pou l' rive nan « libète » yo te pwomèt li a, rive yon kote li tonbe nan yon gwo twou dlo kote li tou mouri.

Se te yon twonpri san pitye. Men, sa pa dwe fè nou etonnen. Dyab la ap fè menm bagay la depi nan kòmansman an. Sa ki pi mal, se Dyab la menm ki te envante afè trayizon.

PÈLEN DYAB LA

Dabò, Satan fè ou prizonnye. Li fè ou dekouraje, epi li fè ou pèdi premye amou ou te genyen pou Bondye. Ou vin frèt. Lajwa ou te twouve nan fè volonte Bondye tounen yon esklavaj pito. Sèpan an pase bò kote ou pou li di : Èske se vre, sa Bondye te di a ? (Gade Jenèz 3.1).

Touswit Santan eseye pwovoke ou pou fè ou ale pi lwen volonte Bondye a. Li ka menm itilize yon seri pasaj Biblik pou fè sa : « *...ou gen dwa fè tout bagay...* » (1 Korent 6.12 ; 10.23) epi « *Bondye te rele nou pou n' te ka gen libète nou* » (Galat 5.13).

Byen antandi, Dyab la p'ap ba ou rès pasaj yo : « *...men, tout bagay pa bon pou fè* » (1 Korent 6.12), « *...men se pa tout bagay k'ap fè nou grandi nan konfyans nan Bondye* » (1 Korent 10.23), « *...pa pran libète a sèvi eskiz pou nou viv dapre egzijans lachè* » (Galat 5.13).

Fèt atansyon ! Koulwa Dyab la ki swadizan mennen nou nan libète se yon chemen ki mennen toudwat nan yon twou lanmò (2 Pyè 2.19 ; Women 6.16).

Vre libète se yon bagay ou twouve nan volonte Bondye. « *Si Pitit Bondye a ban nou libète, n'a lib tout bon* » (Jan 8.36).

Chache devlope yon amou ki cho pou verite a. Repanti. Chache Kris. Obeyi Pawòl Li. Kris va mete lakay ou yon dezi pwofon pou Bondye ak pou volonte Li a. Li va kase chenn peche yo. Li va leve ou nan yon nivo esprityèl kote ou jwi libète, kote ou viv ansanm avèk Li.



© C. Rozay - Voyagevirtuel

Just for you
Nou gen pèmasyon itilize tèks sa a.
Christian Light Publications



Yon Nouvo Kè

Pa twò lontan pase mwen te tande istwa yon dam ki te fèt ak yon seri gwo pwoblèm fizik. Pwoblèm yo te plizyè. Pou youn, kè li pa t' chita nan plas kote li te dwe ye a, epi kè a te devan dèyè. Selon sa mwen t'ap li, yo te deja eseye bay li yon lòt kè deja. Pou yon rezon ou yon lòt, sa pa t' mache byen. Sanble li va bezwen twouve yon dezyèm kè, epi konsa yo te mete li sou yon lis pou li chita tann yon kè ki disponib. Si li pa jwenn yon nouvo kè ki bon, doktè yo te di dam lan li ka rive viv dis (10) jou konsa sèlman. Yo di se tann y'ap tann yon mirak...

Mwen t'ap medite sou sityasyon Rachèl la (sa se non dam lan). Li te deja chita tann yon bagay ki sanble li enposib, epi li te resevwa yon nouvo kè vre. Men, nouvo kè sa a pa t' rezoud pwoblèm lan. Ala yon traka ! Y'ap tann yon mirak ankò, yo di. Men, ki mirak y'ap tann konsa ? Ki kote dezyèm mirak sa a pral sòti ? Konbyen li va koute ? Pandan mwen t'ap kalkile sou sa, lespri m' te boulvèse. Nenpòt jan sa ye, swa li twouve yon dezyèm kè oswa li pa twouve yon dezyèm kè, yon moun ap oblije mouri. Ou pa ka evite sa. (Se nan kò yon moun ki fèk mouri yo konn pran kè pou mete nan kò moun ki bezwen l'.) Pa genyen lòt fason pou bagay la pase. Si yo twouve yon kè pou Rachèl, sa vle di yon lòt fanmi ap nan dèy poutèt yon moun yo pèdi. Si yo pa twouve yon kè pou Rachèl, se fanmi pa l' la ki pral nan dèy.

Pandan mwen t'ap kalkile sou sa, lespri m' te rive sou yon lòt bagay. Mwen te panse sou sa ki rive lè yon moun konfyè lavi li nan men Jezi, epi lè li kwè nan Kris kòm Sovè. Moun sa a resevwa yon kè nouvo. Mwen te resevwa nouvo kè sa a lè m' te konvèti. Men, lè m' te konsyan mwen te bezwen yon nouvo kè konsa, mwen pa t' oblije chita tann youn. Jezi te gentan mouri deja pou mwen menm. Lè nou resevwa kè Jezi a, lachè nou konn anvè rechte li oubyen refize l' (prèske menm jan ak lè yon moun fè operasyon pou l' resevwa yon lòt kè). Men se avèk pisans Bondye viktwa a reyalye. Nouvo kè a kòmanse fè travay li, e nou sibi transfòmasyon. Nou vin nouvo. Pou m' te ka resevwa yon nouvo kè san m' pa mouri, fòk yon lòt te mouri. Lòt la se te Jezi. Li te bay lavi Li pou mwen menm.


Èske ou deja resevwa yon nouvo kè ? Oubyen, èske kè ou toujou malad ak peche, ap tann lanmò ? Pa gen okenn asirans w'ap viv dis (10) jou ankò. Ou pa menm genyen asirans pou YON (1) jou. Gen bon nouvèl. Ou pa oblije tann. Jezi te mouri pou ou te kapab resevwa yon nouvo kè. Mèsi Bondye ! Nou pa oblije chita tann yon moun mouri pou n' jwenn nouvo kè pa l'. Ou kapab resevwa yon nouvo kè kounyeya paske Sila k'ap bay li a te deja bay lavi Li.

« Se konsa, Mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, Mwen pa vini pou moun rann Mwen sèvis, men Mwen vini pou M' rann moun sèvis. Wi, Mwen vin bay lavi M' pou peye delivrans anpil moun » (Matye 20.28).

—Quintin Mast



SEKSYON PARAN



Disip Jezi Kris

Rankin e Padon

Leson 9c

Jezi di disip Li yo : « Ap toujou gen bagay k'ap fèt ki pou fè moun fè peche. Men, malè pou moun ki lakòz bagay sa yo rive. ²Li ta pi bon pou li si yo ta mare yon gwo wòl moun nan kou l' epi yo voye l' jete nan lanmè. Wi, sa ta pi bon pou li pase pou l' ta lakòz youn nan ti piti sa yo tonbe nan peche. ³Veye kò nou byen. Si frè ou tonbe nan peche, rale zòrèy li. Si l' chanje konpòtman li, padonnen li. ⁴Si nan yon sèl jounen an li peche sèt (7) fwa kont ou, si toulesèt fwa yo, li tounen vin jwenn ou pou l' di ou : « Mwen p'ap fè sa ankò, » se pou ou padonnen li. » ⁵Apòt yo di Jezi : « Fè nou gen plis konfyans non. » (Lik 17.1-5).

(Kontinye nan paj 20)

ISTWA BIBLIK

BÈJE AK MOUN SAJ YO

Mesaje Ki Sòti nan Syèl Anonse Bon Nouvèl la

Detwa zèdtan aprè Jezi te fèt, Betleyèm te vin byen trankil. Byen lwen yon chen te jape. Vil nan dòmi an pa t' konnen yon gwo evènman te fenk rive. Sou yon ti mòn toupre a, kèk bèje t'ap kabicha bò twoupo yo.

Yon sèl kou, yon bèl limyè te klere alantou yo, epi yon zanj te parèt. Bèje yo te tranble.

Zanj lan te di : « Pa pè, paske mwen pote pou nou pi bon nouvèl nou ta kapab tande. Kris, Sovè a, fèt nan yon pak bèt nan Betleyèm. Nou va jwenn Li vlope nan kèk moso twal long, kouche nan yon krèch. »

Touswit, kote yo te ye a te klere ak glwa pandan plizyè mil zanj te parèt. Mizik vwa yo te ini nan yon kè lwanj : « Glwa pou Bondye anwo nan syèl la, kè poze sou latè pou tout moun Li renmen. » Epi zanj yo te disparèt yon sèl kou menm jan yo te vini an.

Bèje yo te kouri travèse mòn ak vale yo pou yo ale Betleyèm. La yo te jwenn tibebe Jezi jan zanj lan te di a. Yo te rakonte Jozèf ak Mari tout istwa zanj yo.

Finalman, bèje yo te retounen al jwenn twoupo yo. Yo te rakonte tout moun yo te rankontre bèl nouvèl la. Ala yo te fè lwanj Bondye !

Plizyè kilomèt distans, kèk moun saj te wè yon zetwal ki t'ap briye anpil nan lès yon jou swa. Yo te deside se te yon siy Bondye te voye, ki vle di te gen yon nouvo wa ki fèt. Rapidman yo te chaje chamo yo epi te vwayaje pou peyi Izrayèl la.

Nan vil Jerizalèm moun saj yo te mande : « Kote wa Jwif yo ki fenk fèt la ? » Wa Ewòd te voye yo nan vil Betleyèm. Menm nwit lan zetwal ki t'ap briye a te deplase nan direksyon vil Betleyèm. Li te dirije mesye yo ale egzakteman nan kay kote Jezi te ye a.

Ala moun saj yo te kontan lè yo te jwenn Jezi ! Yo te mete ajenou epi te adore tibebe wa a. Yo te ba Li kado lò, lansan, ak lami. Petèt sa se te fason Bondye te pran swen Jozèf ak Mari, sèvitè fidèl Li yo.

Lik 2.8–20 ; Matye 2.1–12



Bèje yo koute bon nouvèl zanj la.

Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm, Li bay sèl Pitit Li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan Li p'ap pèdi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an (Jan 3.16).

1. Poukisa bèje yo te deyò lannwit ?
2. Kiyès ki te di bèje yo Jezi te fèt ?
3. Kisa ki te gide moun saj yo ale kote tibebe Jezi ?

Itilize avèk pèmisyon :
 Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio
 Atik sa a sòti nan : 101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La © 1994

Lè sa a, Pyè pwoche bò kote Jezi, li di L' konsa : « Mèt, konbyen fwa pou m' padonnen frè m' lè li fè m' yon bagay mal ? Sèt (7) fwa konsa ? »²² Jezi reponn li : « Non, Pyè. Mwen pa di ou padonnen l' sèt (7) fwa, men padonnen l' swasantdis (70) fwa sèt (7) fwa » (Matye 18.21-22).

OBSÈVASYON #6 : Ofans se yon bagay ki inevitab.

Ofans (ki vle di wòch ki fè moun bite) se pa yon bagay ki bon, men nou dwe konprann ke yo egziste nan monn sa a e nou va fè fas avèk yo kanmenm. Nou viv nan yon monn peche. Bagay yo pa dwat jan yo ta dwe ye a. Moun ofanse. Moun sibi chòk. Moun pran kou. Okenn moun pa kapab viv yon lavi san doulè.

OBSÈVASYON #7 : Selon Bib la, youn nan repons yo pou yon ofans se padonnen ofans lan.

Nou wè nan Bib la ke nou dwe kontwòlè kòlè, epi nou wè ke rankin se peche e li sal moun. Bib la pa detaye pou nou yon metòd senk etap pou kontwòlè kòlè, men li ban nou repons ki pou ranplase kòlè. Lè yon moun fè yon bagay kont nou, repons natirèl la se vin fache. Si yo fè menm bagay la ankò, repons natirèl la se vin pi fache toujou. Si yo ta plede fè l' ankò, repons natirèl la se vin anmè. Jezi ban nou yon lòt chemen. Padonnen ! Si yo fè bagay la ankò, padonnen ankò. Si yo fè bagay la konbyen fwa, padonnen konbyen fwa.

Kisa padonnen siyifi ? Li siyifi libere yon moun anba yon obligasyon. « Padonnen » se te yon tèm ekonomik li te ye oparavan—yo te itilize l' nan ka lajan yon moun dwe. Pou « padonnen » se te pou efase tout dèt la. Moun lan pa dwe kòb la ankò. Enben, nou wè ke padonnen se egzakteman kontrè avèk rankin. Rankin se yon sistèm blam ; padon se yon sistèm liberasyon. Olye kenbe yon moun (swa nan kè nou, swa nan pawòl nou yo, oswa nan men nou), nou libere moun lan pito. Byen petèt yo te antò vre, men nou pa fè yo peye sa. Nou retire obligasyon an sou yo pito. Nan lespri nou epi nan fon kè nou ki genyen tandans repase sou kalite dèt sa yo, nou mete yo lib, nou pa rete sou obligasyon yo pou nou ankò.

OBSÈVASYON #8 : Padon difisil pou lòm natirèl la.

Disip yo te etonnen lè Jezi te di yo pou yo padonnen sèt (7) fwa. Yo te di : « Fè nou gen plis konfyans non ! » Enben, pita lè Jezi te di Pyè, « swasantdis (70) fwa sèt (7) fwa, » nou ta panse yo te rete bouch louvri. Se fasil pou nou konte rive sou sèt (7), men ki moun ki vle kontinye kontwòlè jis li rive nan 490 ? Epi se egzakteman sa Jezi te vle di nou—pa kontinye konte. Senpleman padonnen.

Sa depase nou. Nou lite pou n' padonnen bagay ki tou senp. Depi nou di « Mwen va padonnen ou fwa sa a, » nou santi nou gentan fè moun lan yon gran favè. Pou nou kontinye padonnen san konte, nou ta santi sa dwòl. Li pa sèlman difisil, se enposib.

Pou n' padonnen tankou Jezi te anseye nou padonnen, fòk Jezi viv nan nou. Jezi Kris se te pi gran egzanp lan nan padonnen, epi Li toujou rete pi gran egzanp lan nan padonnen. Lè sòlda yo t'ap kloure Li, Li t'ap di : « Papa padonnen yo paske yo pa konnen sa y'ap fè » (Lik 23.34). Lang grèk la endike aksyon kontinyèl, ki vle di Li te kontinye ap mande padon pou yo pandan yo te kontinye ap kloure Li. Se pa t' yon sèl deklarasyon ase. Se sèten, jou sa a kantite peche yo te fè kont Jezi te depase 490, men Jezi pa t' konte. Li t'ap padonnen. E Li rele nou pou nou fè menm bagay.

Pwoblèm lan se ke nou pa kapab fè sa pou kont nou.

Pou nou pratike padon tankou Jezi te fè l' la, sa mande fòk Jezi viv nan nou. Lè Jezi (Sila ki konn padonnen) antre nan kè nou, premyèman Li bann nou padon, paske nou bezwen anpil padon nou menm. Pandan nou ap bwè nan pi padon sa a, nou resevwa fòs pou n' padonnen lòt moun.

OBSÈVASYON #9 : Padon se yon aksyon lafwa.

Lè Senyè a te anseye sou padon, disip yo te reponn ak lapriyè: « Senyè, fè nou gen plis konfyans non. » Se yon demann ki gen bon sans, paske padon se yon travay lafwa.

Lè yon moun fè nou tò, natirèlman nou konsantre sou moun sa a e sou sa li te fè ki mal la. Men, padon mande nou pou n' retire konsantrasyon nou sou ofansè a pou nou konsantre sou Bondye pito. Bib la ban nou anpil asirans ke Senyè a travay pou byen moun ki repoze kè yo sou Li. Li kapab domine sou tout zafè lèzòm. Li kapab fè TOUT bagay travay ansanm pou byen etènèl nou (Women 8.28). Bondye kapab pran bagay ki pa tèlman fè nou byen nan lavi nou epi Li sèvi ak yo pou fòme nou, pou fè nou pi sanble Jezi, e pou fè nou pran ka lòt moun e okipe bezwen lòt moun. Nou pa oblije konnen kòman Senyè a fè sa. Nou pa oblije konnen ki bon bagay Li vle akonpli pou nou nan difikilte yo, ofans yo e traka Li pèmèt nan lavi nou. Yon sèl bagay, nou dwe konfye Li pamwayen lafwa.

Lè nou gade Bondye avèk lafwa, nou lib pou padonnen sila yo ki fè nou tò. Konsa tou, tout tan nou poko gade Bondye nan lafwa, padon p'ap yon reyalite pou nou. Nou te mèt eseye. Nou te mèt deklare, « Mwen padonnen ou. » Men, si n'ap toujou gade ofansè a, sa vle di n'ap toujou kenbe ofans la nan kè nou. Se Bondye pou nou gade pito. Lè nou aji lafwa nou nan yon Bondye ki toupisan, sa ban nou viktwa sou abitud kòlè e sou abitud blanmen moun.

Kèsyon Pou Etidye :

1. Lè Jezi te pale sou ofans, sou kisa Li t'ap pale ? Èske Li t'ap pale sou aksyon moun poze ki deranje youn lòt ?
2. Èske ou dakò ke ofans inevitab nan lemonn nou an, ki vle di nou pral kontre avè yo kanmenm ? Si nou di ofans inevitab, èske sa siyifi ke nou apwouve yo ?
3. Ki gwoup moun Jezi te di espesyalman ke nou dwe pran prekosyon pou nou pa ofanse ?
4. Kòman Jezi te di nou dwe reponn yon moun ki fè nou tò ?
5. Konbyen fwa nan yon sèl jounen nou dwe padonnen yon moun ki fè nou tò e ki repanti ? Kisa disip yo te di lè Jezi te ba yo ansèyman sa a ?
6. Kisa Jezi te vle di lè Li te fè deklarasyon pou nou padonnen « Swasantdis (70) fwa sèt (7) fwa » ?
7. Kisa padonnen siyifi ? Nan ki domèn yo te konn itilize mo « padonnen » an oparavan ?
8. Poukisa nou twouve l' difisil pou nou padonnen moun ? Ki limit oubyen ki kondisyon nou konn mete pou padon ?
9. Kòman Jezi te trase yon egzanp nan padon ?
10. Kòman nou kapab devlope yon lespri pou padonnen moun nan menm fason Jezi te anseye a ?
11. Dapre pwòp nati nou, sou kisa nou renmen konsantre lè yon moun fè nou tò ? Kòman sa afekte abilite nou pou padonnen yo ?
12. Nan ki fason padon se yon egzèsis lafwa ? Genyen yon gwo verite Biblik nou ka kwè sou fason Bondye toupisan an kontwole moun ki fè nou tò. Ki verite li ye ? Apre Women 8.28, chache vèsè biblik ankò ki ede nou avèk jan nou ka gade sijè sa a ak lafwa.
13. Nan pwòp pawòl ou, esplike kijan egzèsis lafwa fè nou wè pi klè.

(liv sa a va kontinye nan pwòchèn edisyon an)

—John Coblenz

Itilize avèk pèmasyon : Christian Light Publications, Inc

Harrisonburg, VA Ozetazini

Tout dwa rezève



ISTWA MATI YO

Andre – Lanne 70 Apre Kris

Andre te pitit yon mesye ki te rele Jan. Li te frè avèk Simon Pyè. Se moun Betsayda Ayo te ye nan zòn Galile. Andre se te yon disip pou Jan Batis toudabò. Paske li te pi gran pase Pyè, li te konnen Kris anvan Pyè. Se li ki te mennen frè l' kontre ak Kris kòm vrè Mesi a. Andre te yon pechè pwason tankou Pyè. Senyè a te rele l' epi li te pwomèt li li pral peche moun pito (Jan 1.40, 42, 44 ; Matye 4.18, 19).

Paske Andre te zele pou swiv Senyè a, e paske li te resevwa enstriksyon nan doktrin Levanjil la, li te diy pou li resevwa Sentespri a epi pou li fè mirak. Senyè a te mete l' apa kòm yon apòt. Kòm apòt, Andre te fè ministè pami Jwif yo ak fidelite ansanm ak lòt apòt yo (Matye 10.2 ; Mak 6.7).

Senyè a pa t' gade Andre kòm yon moun ki anba ; sanble Andre te konn jwi plis aksè avèk Senyè a pase Filip (konpare Jan 1.40 avèk vèsè 42 e 43).

Se vre Andre, nan feblès li, te tonbe menm jan ak tout lòt apòt yo lè yo te fè kòmsi yo pa t' konnen Jezi ; malgre sa li te kanpe ankò apre sa, e li te mete tèt li ansanm ak Kris ankò epi ansanm ak lòt frè yo (Matye 26.31 ; Lik 24.33).

Answit, Andre ansanm ak lòt yo te resevwa komisyon pou yo ale preche Bòn Nouvèl la nan lemond antye, nan tout nasyon. Pou fè travay sa, Andre te resevwa Sentespri a jou Lapannkòt la (Matye 28.19). Andre te ale vre. Li te obeyi kòmandman Kris la. Li te anseye nan anpil peyi tankou Pontis, Galasi, Bètinya, Antwopofaj, epi apre sa nan Sitya. Li te mache nan peyi nò yo epi nan peyi sid yo jouk li te rive yon kote ki rele Bizantyòm. Pi devan, nan Trasya, Masedwàn, Tesalonik, epi Lakayi, Andre te toujou ap preche Kris. Andre te reskonsab anpil moun ki vin konvèti nan lafwa kretyen.

Andre te konfime doktrin Mèt li a avèk yon valè mirak, selon sa Senyè a te di : « Moun ki kwè va fè anpil mirak. »

Alafen, lè Andre te fin fè wout lavi li selon volonte Bondye, li te mouri. Se te Agayas, gouvènè Edesa, ki te fè krisifye Andre nan non gouvènman Women an. Sa te fèt lavil Patras, nan zòn Lakayi.


Nan lavil Patras, Andre te kondwi anpil moun pou yo konvèti. Pami moun yo ki te konvèti nan lafwa Kretyen an, te genyen yon dam ki te rele Maksimilya. Se li ki te madanm Agayas, gouvènè a. Sa te tèlman rann Agayas fache, li te menase lavi Andre.

Li te di l'ap krisifye li sou yon kwa. Men kijan Apòt Andre te reponn gouvènè a : « Si m' te pè lanmò sou yon kwa, mwen pa t'ap mache preche glwa lakwa Kris la. »

Lè lènmi verite yo te mete men sou Andre, epi lè yo te fin bay li santans lanmò, Andre te mache ak kè kontan pou li rive kote yo tapral krisifye li. Pandan li te pwoche pre lakwa a, li te deklare : « O bèl kwa ! Jan mwen te anvi ou. Mwen rejwi dèske mwen wè ou kanpe la. Mwen vanse sou ou avèk konsyans mwen pwòp e nan lapè. Paske mwen se disip Sila ki te mouri sou lakwa, mwen kontan pou m' pase menm kote avèk Li. » Apre sa li te di ankò : « Plis mwen pwoche pre lakwa, se plis mwen pwoche pre Bondye ; plis mwen mache lwen lakwa, se plis mwen mache lwen Bondye. »

Apòt Andre te fè twa (3) jou sou kwa a. Li pa t' fè bri. Toutotan li te genyen kapasite pou li pale, li t'ap anseye moun yo ki te rete la bò kwa a nan chemen verite a. Men youn nan bagay yo li te di : « Mwen di Senyè m' lan mès, dèske Li te itilize m' pou yon tan kòm anbasadè, epi dèske Li chwazi pèmèt mwen genyen kò sa a, konsa avèk bon temwanyaj, mwen ka twouve gras ak mizèrikòd ki p'ap janm fini. Kenbe fèm nan Pawòl la ak nan doktrin nou te resevwa a. Anseye youn lòt, konsa pou ou viv etènèlman ak Bondye epi pou ou resevwa fwi pwomès Li yo. »


Kreyen yo ansanm ak lòt moun debyen yo te mande gouvènè a pou li desann Andre



sou kwa a. (Sanble se mare yo te mare Andre, e se pa klouwe yo te klouwe li jan yo te fè Jezi Kris.) Lè Apòt la te aprann moun yo t'ap mande sa, li te di : « O Senyè Jezi Kris ! Men sèvitè Ou ki pandye sou bwa sa a poutèt Non pa Ou la. Pa kite yo lage li, pou li tounen viv nan mitan lòm ankò. Resevwa m' O Senyè mwen, Bondye

mwen ! Mwen konnen Ou. Mwen renmen Ou. Mwen kole sou Ou. Se Ou mwen anvi wè. Nan Ou, sa m' ye a se sa m' ye. » Apre li te pale pawòl sa a, apòt la te konfyè lespri li nan men Papa l' nan syèl la.

Istwa sa a sòti nan yon liv ki rele *Martyr's Mirror* (*Glas Mati yo*).



CHEMEN LI TE CHWAZI A

Bay Yon Timoun Prensip

Chapit 1c

Jan te bay yon lide apre sèvis la : « N'ap mache mwens si nou swiv chemen tren an pou n' ale lakay. Se yon chemen koupe. » Frè Milè te dakò. Konsa, de (2) fanmi yo te derape ap mache sou ray yo kote tren yo te konn pase. Yo t'ap mache nan direksyon sid pou yo rive lakay yo. Yo t'ap pase nan mitan jaden mayi ak pitimi.

Aprè yon kilomèt konsa, frè Milè te di : « Ban m' pote Jak pou ou non. » Papa Jak te dakò retire pwa sa a sou li. Sè Milè ak manman Lora t'ap mache men nan men avèk Lora, youn chak bò. Mari ak Sara te pi devan ansanm.

Rive yon kote, Sara di konsa : « Manman ? Èske nou mèt retire bagay nan pye nou ? Li tèlman fè cho. »

Manman an te reponn : « Wè. Nou mèt fè sa, depi sè Milè dakò pou Mari fè l' tou. »

Mari te mande manman l' : « M' mèt fè l' tou, Manman ? »

« Men wi. Li fè cho jodi a vre. Epi pa gen moun isi a. Donk, m' dakò. »

De (2) ti medam yo te kenbe men youn lòt epi yo te kouri pi devan. Yo te kouri yon distans 100 mètr konsa paske yo pa t' vle pou gwoup la ale kite yo pandan yo te chita pou retire bagay nan pye yo. Lè yo te resi chita, yo te bouke. Se sou ray tren an yo te chita. Figi yo t'ap klere nan solèy la. Lè a te fre. Se te yon bèl moman pou yo toude.

Granmoun yo t'ap mache dousman ak pi piti yo. Yo te distè nan yon deba sou bèl mesaj ankourajan an yo te tande nan sèvis la. Yon sèl kou, Jan te kanpe sèk. Kisa li te tande ? Kisa li te santi anba pye l' ? Se te yon ti vibrasyon tou lejè. Ray yo t'ap tranble. De (2) ti medam yo te chita ansanm sou ray yo yon bon ti distans devan li. San dout se te yon tren ki t'ap avanse sou yo ! Yon koube nan wout la pi devan te anpeche yo wè tren an ! Jan te gentan vole anvan lòt yo te konprann sa k' pase.

De (2) ti medam yo te chita la ap pale. Yo pa t' konnen anyen. Yo pa t' menm wè papa Sara ki t'ap kouri sou yo pou l' te ka retire yo sou ray la. Koulye a, lavi misye mesye te an danje menm jan ak lavi medam yo. Tren an te prèt pou l' parèt nan koube la. Medam yo te leve tèt yo. Sanzatann, tren an te klaksonnen. Bri a te byen fò epi mesaj la te klè : Wete kò nou ! Yon sèl kou, yon ti distans dèyè, toude manman yo te gentan desann ray yo pou yo bese atè anba pyebwa yo.

Yo t'ap kriye : « O Bondye ! Sove medam yo ! Sove gason yo depi se volonte Ou ! »

Sara te tande kri klaksonn lan. Li te tande bri tren an koulye a tou.

Pandan li t'ap kanpe, li te rele Mari. Se nan moman sa a papa l' te redi l' ak fòs. Ak kouraj, li te lage tifi a atè kote li te woule desann yon ti bit pou li rive anba kèk pyebwa. Li te rale Mari tou, epi li te jete l' anba. Apre sa, li te vole pou li sove tèt li, prèske nan menm moman an tren an te kouri pase.

Frè Milè, ki te dèyè Jan, te vole tou. Li te glise desann menm ti bit la. Yo tout te rete la an silans pandan tren an t'ap pase ap fè bri nan tèt yo. Apre sa, chak papa te ranmase pitit fi pa l' la nan bra l'. Pa t' genyen youn pami yo ki pa t' pè.

Je Sara yo te klere pandan li te gade papa l' dwat nan je. Figi l' te gentan chanje koulè tèlman li te eksite.

Sara t'ap tranble toujou pandan li te kenbe men papa l' : « Papa, mwen pa t' menm wè tren an non. Kijan ou te gentan rive sou nou konsa ? Si ou pa t' fè sa, mwen pa t'ap chape. »

Vwa Papa a t'ap tranble tou : « M' konnen, Sara. M' konnen. Mwen te panse mwen p'ap gentan rive. »

Sara pa t' vle lage men papa l'. Li di : « Ou pa t' pè pou tren an touye ou, Papa ? » Je l' te ouvri laj pandan li t'ap evalye sa papa l' te fè pou li a. Li te sezi. Papa l' te yon gran ewo !

Papa l' reponn : « Mwen pa t'ap panse ak tèt mwen nan moman sa a. Yon sèl bagay,

fòk mwen te sove OU. »

Sa te touche kè Sara lè l' tande bèl pawòl sa a. Li te renmen papa l' plis pase anvan. Li te mete lavi li an danje pou Sara !

Manman yo t'ap kriye tèlman yo te kontan. Manman Sara te vin anbrase premye pitit fi li a. Li t'ap di : « O, Sara ! M' te gentan panse papa ou p'ap gentan rive. Men Bondye te fè l' rive. Li te gen pitye pou nou de (2). Mèsi Senyè ! » Manman Sara t'ap egzaminen pye Sara ansanm ak bra li yo ki te genyen kèk grafonyen. Yo t'ap rann san kèk ti kote.

Tifi a te esplik : « Blese yo pa fè m' mal tèlman, Manman. Papa te oblije voye nou atè rapid, sinon bagay la t'ap grav nèt pou nou. »

Manman an te dakò : « Se vre, wi. Papa ou te oblije voye nou atè pou tren an pa t' kraze nou anba gwo jant fè li yo. Tren an t'ap moulen nou toude. Se paske Papa ou renmen ou kifè li te aji yon ti jan brital konsa. Li te konnen ou ka blese atè a, men li te vle sove w' anba pi gwo malè a. »

Lè sa Mari te di yon bagay : « O ! Manman ! E soulye nou yo ! Yo toujou sou ray yo. M' swete tren an pa t' moulen soulye nou yo. »

« Yo ka pa gen anyen. Si yo te nan mitan ray yo, y'ap la toujou. »

Papa Mari te di konsa : « M' pral gade pou m' wè. » Li te monte bit la, epi konsa li te retounen avèk de (2) pè soulye epi de (2) pè chosèt nan men li. Yo pa t' genyen anyen. Chak tifi te pran sa ki te pou li.

Yo te rebran wout la pou yo rive lakay yo. Men, koulye a, tifi yo te rete kole ansanm ak paran yo. Sara t'ap kenbe men papa l'. Pandan doulè blese yo te kòmanse twouble l', li t'ap kalkile kèk bagay. Papa m' te oblije blese m' pou m' pa kraze. Mwen kontan li te fè sa pou mwen. Mwen genyen yon bon papa.

Manman Sara te esplik yon bagay pi devan. Li di : « Bondye konn aji tankou papa ou te aji. Li toujou ap veye sou nou, epi Li pwoteje nou. Men, pafwa Li kite nou soufri kèk bagay pou sa ka anpeche pi gwo malè rive nou. »

Sara pa t' ka fin konprann tout gwo verite manman l' t'ap bay li nan okazyon sa a, men tanzantan li te konn repase sou pawòl la. Pi devan nan lavi li, li te vin konprann pwofondè koze a.

Pa lontan apre lekòl la te rebran, Sara te jwi prezans yon lòt ti frè nan fanmi an. Jan te mande pitit fi li yo ki non yo te vle chwazi pou tibebe a. Sara ak Lora te vle rele li Jozèf. Istwa Jozèf la se te youn nan istwa yo nan Bib la yo te pi renmen tande. Manman ak Papa te dakò. Yo te rele tigason an Jozèf.

Lè Jozèf te genyen ennan (1), yon lòt tibebe te fèt ankò. Se te yon tifi. Yo te rele l' Lwiza.

Ti Jozèf te toujou lakòz anpil lajwa epi anpil kontantman nan kay la. Men, yon sèl

kou li te tonbe malad. Li te genyen ennan edmi lè sa a. Pandan plizyè jou, li te malad grav. Sara te genyen witan epi li t'ap travay rèd pou ede manman l' okipe tout bagay. Li te ede manman l' prepare manje pou Lora, Jak, ansanm ak Lwiza ki te genyen sis (6) mwa sèlman. Apre lekòl, Sara ak Lora te konn mete ansanm pou repase rad epi kase rad yo. Sara te ede papa l' travay nan jaden an tou. Yo te plante pwa, zonyon, ak leti. Sara te konn kwit avwàn lematen, epi li te konn kwit ponmdetè pou yo soupe. Se te Lora avèk Jak ki te konn ranje tab la pou yo manje ansanm. Manman t'ap okipe Jozèf lè sa yo.

Lè yo te travay ansanm, twa (3) timoun yo te konn pran yon moman pou yo mete ajenou nan kizin lan pou yo mande Bondye geri ti frè yo a, si se te volonte Li. Toupri yo, manman timoun yo te kenbe Jozèf nan bra l'. Li t'ap dodinen, epi li t'ap chante dousman. Nan fen semenn yo, Sara te konn fatigue byen fatigue. Manman l' te fatigue tou. Alafen, yon jou apremidi, Jozèf te tonbe nan yon somèy pwofon. Manman l' te mennen l' ale nan chanm lan kote li te mete l' sou kabann lan. Apre sa, li te fè lòt timoun yo al kouche, epi li te pran yo ti repo li menm tou.

Manman an te leve plizyè fwa pandan lannwit pou li voye je l' sou Lwiza. Lè konsa, li te konn pwofite al gade Jozèf tou. Li jwenn li ap dòmi toujou. Li pa t' vle deranje l'.

Nan maten, Manman an te gentan prepare manje byen bonè. Yo pa t' ankò tande Jozèf fè okenn bri. Anvan l' te chita bò tab, Papa te antre nan chanm lan pou li gade timoun malad la yon lòt fwa ankò. Apre detwa minit, li te sòti nan chanm lan. Vizaj li te diferan. Sara te gentan remake sa. Li te vle konnen kisa sa vle di. Papa a te al kote Manman an pou di li yon bagay toupiti. Yo toude te antre nan chanm lan. Lè yo te sòti, yo te jwenn touletwa timoun yo chita bò tab la an silans. Yo te vle konprann.

Manman an te rete ap kriye pandan Papa te espliche kisa ki te rive. Bondye te gentan pran tigason an pou li ale nan syèl la avè l'.

Papa a di konsa : « Koulye a Jozèf pa nan soufrans ankò. N'ap sonje li, men Bondye konnen sa ki pi bon. Fòk nou sonje kijan Jozèf kontan koulye a. Li alèz nan bra Jezi. »

Papa a t'ap redi pou li pale toujou. Lora ak Jak t'ap swiv li paske yo pa t' fin konprann. Men, Sara te fè yon bri. Li tonbe kriye fò. Li te konprann Jozèf te mouri.

Anpil moun te rive nan kay la. Yo te pote manje pou ede Manman Yodè ansanm ak pitit yo. Sara pa t' gen nanm pandan yon peryòd tan. Ala renmen li te renmen ti Jozèf sa a ! Ti Mari te vin vizite yo, men yo youn pa t' jwe. Jounen an te long. Alafen, tout moun te ale. Papa te li nan Bib la epi li te priye jan l' te toujou konn fè sa anvan timoun yo te al dòmi. Apre sa, pandan Papa te mete Jak ak Lora kouche, Manman an t'ap fè Lwiza manje yon bagay.

Sara te rete nan kizin lan. Ak dlo nan je l', li di : « Manman, mwen pa vle dòmi aswè a. » Se te pou yon premye fwa nan lavi li tifi a te santi gwo doulè konsa.

Avèk konpasyon nan vwa l', Manman an te di : « Ann tann lè papa ou fin mete pi piti

yo kouche. Apre sa ou kapab pale avèk li. M' panse apre ou fin pale ak Papa w', ou ka anvi al fè yon ti dòmi. Si ou pa dòmi aswè a, denmen w'ap fatigue twòp. »

Sara te dakò. Li te kole kò l' ansanm ak manman l' ki te pase men l' dèyè kou l'. Sara te mal pou pale toujou paske li te anvi kriye ankò.

Papa a te esplikè kèk bagay lè li te vin chita ansanm ak madanm li epi pitit fi l'. Li di : « Bondye bon, epi sajès Li depase sajès pa nou. » Yo te pale ansanm yon bon ti moman. Yo te pale sou lanmò, sou syèl la, sou pwovizyon Bondye pou sila yo ki renmen Li. Apre yon tan, Sara te kapab souri ankò. Li te pare pou li al dòmi. Tout enkyetid li yo te ale lè l' te swiv kòman paran li yo te genyen lapè. Li te vin genyen plis krent pou Bondye pou jan Li renmen moun epi pou jan Li jis. Sara te vin konfye l' pi plis. Li te dòmi avèk lapè nan kè li.

Jounen lekòl yo te pase rapidman pou Sara. Alepòk, nan kòmansman diznevnyèm syèk la, sèt (7) ane lekòl te kont pou yon bon edikasyon selon moun yo—sitou nan yon ti bouk tankou Jèmanntawn. Apre sa, yon tifi ta kontinye edikasyon l' nan kay la ansanm ak manman l' kote li ka aprann koud ansanm ak yon seri lòt bagay ki tapral ede l' jere yon fwaye pi devan. Anplis, fòk li te toujou ap fè manje, travay nan jaden, sere manje nan bwat konsè, lave rad, epi netwaye kay la. Pou tigason yo, yo te konn pase laj adolesans yo ansanm ak papa yo ap aprann travay tè, fè elvaj bèt, epi anpil lòt bagay ki tapral pèmèt yo chache lavi.

Nan fen sezon ete a, lè Sara te genyen trèzan sou tèt li, li te oblije rete ap gade pandan Lora ak Jak te kite kay la pou yo ale lekòl. Manman Sara te bezwen kout men nan kay la. Sara te aprann anpil bon bagay pandan sezon fredri sa a. De (2) nan timoun yo te ale lekòl, epi de (2) te rete nan kay la avèk Sara. Lwiza te genyen senkan lè sa, epi David te genyen ennan.

Pandan sezon fredri a, Rit te fèt. Koulye a, fwaye a te genyen sis (6) timoun. Manman an pa t' pote l' byen apre Rit te fèt. Li te tèlman kontan Sara te la pou ede l' okipe tout bagay nan kay la.

Pandan tout sezon fredri a, Sara te travay tankou men dwat manman l'. Li te lave rad. Li te fè manje. Li te netwaye. Li te koud. Sara te kontan okipe tibebe a tou. Anpil jou te pase byen rapid pandan li te fè travay li yo ak fidelite.

Yon bon jou nan sezon prentan, Sara te di manman l' konsa : « Mwen kontan mwen pa ale lekòl ankò paske genyen tibebe nan kay la. M' renmen okipe yo. Pandan mwen te lekòl, mwen pa t' genyen anpil tan pou ede avèk tibebe yo. »

Sara te genyen katòzan koulye a. Sara t'ap plante ponmdetè nan jaden an ansanm ak manman l' pandan Lwiza te chita toupresou yon dra. Li te kenbe Rit, epi li t'ap veye David ki t'ap galope nan lakou a sou yon bout bwa li te pran pou yo cheval.

Manman an te reponn pandan li t'ap mete kèk ponmdetè nan yon bokit. Li di : « Yon tibebe toujou kreye anpil travay. Men se yon bèl bagay lè ou okipe yon bebe

konsa. Mwen byen kontan ou jwenn okazyon pou ou aprann okipe timoun. »

Pandan Manman Yodè te rete ap swiv premye pitit fi li a, li te remake yon lajwa pwofon nan kè li. Li te santi yon gwo reskonsabilite tou. Ti boujon an t'ap tounen yon bèl jenn fanm atiran ki te konn sa ki rele renmen. Je l' yo te toujou bèl tankou lè li te tifi piti. Cheve l' te long. Po l' te swa tankou lè li te timoun ; foli lemonn pa t' gentan deranje bagay sa yo.

Sara te konfyè kè l' nan men Senyè a pandan sezon prentan sa a. Manman l' ak papa l' te sitelman kontan. Sara te entelijan. Li te toujou koute pandan paran li yo t'ap enstwi fanmi an nan devosyon yo te konn fè ansanm. Li te swiv egzanp yo te trase a. Li te swiv sa yo te mande pou chak timoun nan kay la. Apre Sara te resevwa Kris kòm Sovè pèsònèl li a, li te sèvi ak plis atansyon toujou. Depi li te piti, li te toujou plen konpasyon. Men koulè a, grasa renmen li te genyen pou Sovè li a, Sara te toujou enb epi dou. Pafwa, nan kèk okazyon, kòlè te toujou mete pye, men Sara te toujou repanti. Toutan li t'ap chache èd Bondye pou ede li viv nan lavikwa sou peche.

(N'ap kontinye istwa a nan yon lòt edisyon)

—Mari Milè

Rod and Staff Publishers (Piblikasyon Baton ak Gòl)



Aktivite Timoun

REPONS

- | | |
|----------------------|-----------------|
| 1. <u>h</u> Azarya | b. Abraram |
| 3. <u>a</u> Sòl | c. Sara |
| 4. <u>k</u> Nawomi | d. Izrayèl |
| 5. <u>f</u> Ananya | e. Bèltechaza |
| 6. <u>i</u> Jozèf | f. Chadrak |
| 7. <u>c</u> Sarayi | g. Mechak |
| 8. <u>j</u> Simon | h. Abèdnego |
| 9. <u>g</u> Michayèl | i. Safna-Paneak |
| 10. <u>b</u> Abram | j. Sefas |
| 11. <u>e</u> Danyèl | k. Mara |

Ki kote non pa ou la ta sipoze ekri ? (Gade nan liv Revelasyon 3.5.)

nan liv ki gen non moun ki gen lavi a

SEKSYON TIMOUN



Yon Bon Non

Se te Lendi maten. Timote te apenn rive nan lekòl la. Bon zanmi l' Franklin t'ap tann li avèk anpil chalè. Byen fò, Franklin te lage nouvèl la ki t'ap tèlman chofe li : « Timote ! Genyen yon nouvo elèv nan klas la ! »

« Mwen te aprann yon nouvo fanmi t'ap antre nan lekòl la, men m' pa t' konnen laj timoun yo. Ou wè elèv la deja ? Kijan ou wè l' ? »

Franklin te reponn : « Mwen poko konnen anyen sou li non, sof se yon gason li ye. Epi mwen tandè non li, men non an yon ti jan biza. M' gentan bliye l'. » Toude mesye yo te mache antre nan lekòl la.

Timote te mete gwo rad fredyèl l' yo yon kote ansanm ak bwat manje li te pote a. Apre sa li te mache vit pou li swiv Franklin pase nan koulwa lekòl la jouk yo te rive devan salklas kote yo te toujou travay la. Nan sal la, yo toude te wè yon nouvo elèv ki te kanpe pou kont li. Je l' te fikse sou yon akwaryòm pwofesè a te genyen nan sal la. (Yon akwaryòm se yon ti tank dlo fèt avèk vit ki genyen kèk ti grenn pwason k'ap naje ladan li.)

Timote di nan kè l' : O-o, nouvo elèv la genyen cheve wouj ! Mwen poko janm wè cheve ki wouj kou dife konsa.

Tou dousman Timote ak Franklin te mache pou rive bò kote li. Se Timote ki te pran lapawòl : « Bonjou ! Non pa m' se Timote. Kijan ou rele ? »

« Non m' se Dawin. M'ap fè katriyèm ane. »

Non Dawin te parèt dwòl pou Timote. Se konsa pwofesè a te konn rele mesye a ki te vini avèk teyori evolisyon an (ki di moun sòti nan bèt)—Chal Dawin. Avèk yon ti eleman dezòd sou vizaj li, Timote te di konsa : « Dawin ? Ou kwè nan teyori evolisyon an ? Ou kwè se vre sa yo di : lòm sòti nan bèt ? »

Tigason cheve wouj la te brannen tankou yon kòk ki konn batay. Se klè se pa t' premye fwa li te tande yon koze konsa. Li reponn tou kout : « Non. Ditou. » Apre sa li pouse balon an bay Timote : « Ou kwè l' ou menm ? »

Timote te santi li oblije kouri esplik : « Non, mwen pa kwè nan bagay konsa. Mwen te sèlman vle mande ou sa paske Dawin se menm non avèk... »

Dawin pa t' kite Timote fini pawòl la : « Wi, m' konnen. M' konnen. Men, poukisa ou santi fòk ou analize non moun. Genyen non elèv nan lekòl isi a ki biza tou ! » Dawin te gade yon gwoup elèv ki te gentan reyini pre yo. Li di : « Gade Miche. Men, Jabèz. Kilès ki ta rele pitit li Jabèz, en ? Epi Liiiii-vay ! » Dawin te oblije trennen non an pou l' te ka pwononse li byen. Li di : « Èske sa se yon non moun ta chwazi pote ? Livay ? »

Se Livay ki te kouri reponn poutèt li menm avèk elèv parèy li yo : « Ey. Jabèz se te yon òm dwat nan Bib la. Pito m' pote non yon pèsanaj nan Bib la pase pou m' pote non yon nèg ki te kwè lòm sòti nan bèt, tankou Chal Dawin. »

Kounyeya ti Dawin te pre pou l' kriye. Li te vle esplik : « Yo pa t' ban m' non sa a poutèt Chal Dawin, nèg evolisyon an. Paran m' yo te chwazi non Dawin paske te genyen lòt moun nan fanmi an ki te rele Dawin. Yon tonton m' rele Dawin. Granpapa m' te rele Dawin. Gran granpapa m' te pote menm non an ankò. Yo te rele mesye Dawin, epi alepòk Chal Dawin pa t' ankò vini avèk teyori evolisyon an. Donk, se pa fot mwen si non pa m' se menm jan ak Chal Dawin. Sa pa anyen. »

Timote te santi li wont. Se li ki te derape tout koze sa yo. Li te santi li mal fè lè l' te bat plezi avèk nouvo elèv la poutèt non li a. Epi, se premye fwa elèv la te antre nan lekòl la ankò !

Timote te tonbe pale : « Eskize m' , tande ? Mwen pa t' dwe rive jouk la avèk afè non ou an. Sa pa t' bon. Èske ou panse ou ka padone m' pou sa ? Ann wè si nou ka zanmi. »

Bann mesye yo pa t' menm remake pwofesè a te gentan rive sou yo. Li te pale byen

serye : « Mesye m' yo, nou pa dwe janm bat plezi ak yon moun poutèt non li pote a. Se yon mank respè pou moun lan. Moun pa chwazi non yo. Dawin pote non yo te bay li pote a, menm jan avèk nou tout ki la. »

Pwofesè a te kontinye : « Men, genyen yon fason ou kapab kreye yon bon non pou tèt pa ou. Pwovèb 22.1 di konsa : « ***Pito yo nonmen non ou an byen pase pou ou gen anpil richès...*** » Pasaj sa a p'ap pale sou non paran ou yo deside ba ou. L'ap pale sou non ou kreye a pou tèt ou. L'ap pale sou repitasyon ou. Kijan moun nonmen non pa ou la ? Si ou travay byen, ou onèt, ou bay verite, ou dou, moun va panse bon bagay lè yo panse sou ou. Y'a nonmen nou ou an byen. Sa se pi bon fason pou yon moun genyen yon « bon non, » pa vre ? Kounyeya, li lè pou m' sonnen klòch la. Annou pran plas nou yo. »

Pwofesè a di : « Dawin ? Ou va chita la a sou pwent ban sa a, dèyè Timote. »

Timote te souri bay Dawin. Dawin te souri tou. Timote di nan kè l' : Depi jodi a m'ap fè atansyon pou m' aji pi byen ak moun. Mwen vle moun nonmen nou mwen an byen.



Istwa sa a sòti nan *School Days with the Millers*
Nou genyen pèmasyon pou n' tradwi tèks la epi pou n' itilize l' isi a.



Vèsè Pou Aprann

« ***Pito yo nonmen non ou an byen pase pou ou gen anpil richès...*** » (Pwovèb 22.1).



Aktivite Timoun

Bib la debòde avèk moun ki te chanje non yon lè. Konekte chak moun agòch avèk nouvo non li te vin genyen an ki ekri adwat. Referans yo ki anba va ede ou dekouvri sa ou pa konnen yo. (Ou ka anvi li plis pase ti bout pasaj la pou ou pi byen konprann poukisa non Entèl te chanje.)

- | | |
|------------------|-----------------|
| 1. ____ Jakòb | a. Pòl |
| 2. ____ Azarya | b. Abraram |
| 3. ____ Sòl | c. Sara |
| 4. ____ Nawomi | d. Izrayèl |
| 5. ____ Ananya | e. Bèltechaza |
| 6. ____ Jozèf | f. Chadrak |
| 7. ____ Sarayi | g. Mechak |
| 8. ____ Simon | h. Abèdnego |
| 9. ____ Michayèl | i. Safna-Paneak |
| 10. ____ Abram | j. Sefas |
| 11. ____ Danyèl | k. Mara |

Jenèz 17.5

Jenèz 32.28

Danyèl 1.7

Rit 1.20

Jenèz 17.15

Jenèz 41.45

Travay 13.9

Jan 1.42

Ki kote non pa ou la ta sipoze ekri ? (Gade nan liv Revelasyon 3.5.)



*Chak moman
nan lavi se
yon pa vè lanmò.*

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon, oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



« *Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon... »
(2 Pyè 1.19).*

Devan Ou

*Devan Ou mwen ouvri kè m'
San rezè,
Devan Ou mwen retire mas la ki bouche figi m',
San rezistans,
Devan Ou mwen ekspoze tristès mwen yo,
San fènt.*

*Devan Ou mwen fòse avogans mwen an
Koube nan imilite,
Devan Ou mwen kite volonte m'
San rebelyon,
Devan Ou mwen konfese fòt mwen yo
San eskiz.*

*Devan Ou mwen bay vag sou rèv mwen yo
San ègèy,
Devan Ou mwen dezabiye nanm mwen
San mwen pa sere anyen,
Devan Ou mwen sede tout bagay...
Devan Ou menm ki deja konn tout bagay.*

—Gloria E. Romero Lozano